



Pou Piblikasyon Imedya: 10/2/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONPETISYON ENÈJI PWÒP POU KOLÈJ AK INIVÈSITE YO

Konpetisyon an ap bay twa prim \$1 Milyon kowalisyon ki dirije pa elèv nan lekòl yo ki pwopoze lide ki pi inovè sou enèji pwòp ak anbisye

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman yon konpetisyon pou enèji pwòp pou kolèj ak inivèsite yo nan Eta New York. Konpetisyon an ap defye kowalisyon yo ki dirije pa elèv yo toupatou nan eta pou devlope lide kreyatif pou agresivman redwi emisyon gaz greenhouse sou kanpis lekòl yo ak odela. Twa gwoup yo ki pwopoze pi bon lide yo pou investi an enèji pwòp ki yo chak ap genyen \$1 milyon pou ede aplike plan yo.

Etidyan kolèj yo “nan Eta nou an gen yon wòl enpòtan pou jwe nan bati yon avni ki pi pwòp ak pi efikas enèjikman – e avèk prim sa yo, nou espere enspire pwochen jenerasyon an pou chanje mond lan,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Chanjman klima te vini youn nan pwoblèm ki pi detèminan nan epòk nou an, e nou dwe aji pou adrese l. Mwen ankouraje etidyan yo nan eta nou an pou reve gran, ak ede New York kontinye pou l yon lidè nan chanje fason nou panse sou enèji ak anviwonman an.”

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans Eta New York, te deklare: “Jenerasyon apre jenersayon, etidyan nan kolèj ak inivèsite nou yo te motive pou jwenn solisyon a defi yo ki pi presan nan moman nou an. Anons Gouvènè Cuomo te fè jodia pral ede lespri briyan etidyan New York yo panse gran epi chanje lide yo annaksyon, kondwi Eta nan direksyon yon avni enèji ki pi pwòp pou tout moun.”

Gwoup inivèsite ki dirije pa etidyan, sa ki ka gen ladan pwofesè ansanm avèk lòt manm nan pèsonèl la, pral evalye sou lide yo pou amelyore enèji efikas, ogmante enèji renouvlab epi redwi anjeneral emisyon gaz greenhouse. Yap soumèt lide ak plan yo bay New York State Energy Research and Development Authority nan kòmansman 2016 e yo prevwa prim yo pita nan ane sa.

Inivèsite Eta New York ak kolèj prive yo tankou Inivèsite New York te deja fè pwogrè remakab nan investi nan enèji pwòp. SUNY sou wout pou reyalize angajman l pou amelyore enèji efikas pa 20 pousan nan 2020 e NYU te siyen angajman Prezidan American College ak Inivèsite a pou l yon klima net nan ane 2040..

Yap administre prim yo nan kad [REV Campus Challenge](#), yon inisyativ pou rekonèt epi sipòte kolèj ak inivèsite yo kap dirije nan transfòmasyon enèji pwòp la.

Vizyon Refòm Enèji Gouvènè Cuomo a (REV) fèt pou bati yon sistèm enèji ki pi rezistan, pi pwòp, pi bon mache pou tout Nouyòkè yo grasa yon konbinezon nouvo règleman enèji, inisyativ nan tout eta ak refòm règlemantè. Sa a pwoteje anviwonman an epi sipòte objektif Eta pou redwi emisyon gaz greenhouse pa 40 pousan pandan lap jenere 50 pousan nan elektrisite l apati sous enèji renouvlab yo nan 2030. Inisyativ reyisi ki te deja lanse nan kad REV enkli NY-Sun, NY Green Bank, NY Prize, K-Solar ak yon angajman pou amelyore enèji a bon mache pou kominote yo ki gen revni fèb.

Gouvènè Cuomo te fè anons lan jodia nan kad inisyativ Konnen Demen Jou Aksyon Inivèsite a, ki se yon kanpay etidyan yo dirije sou chanjman klima, inifye plizyè milye etidyan nan peyi a ansanm avèk plizyè douzèn politisyen, atis ak antrepriz patnè. Nan dat 2 oktòb 2015, etidyan nan plis pase 50 kanpis nan peyi a ap òganize aktivite ki klase soti nan pèfòmans ak konferans pou rive nan aktivite fwa ak kous sou wout nan yon efò pou edike plizyè milye moun sou reyalite ki genyen nan chanjman klima epi pouse lidèchip pou fòmasyon yo pi bon demen.

Lòt patisipan remakab ki nan Konnen Demen Jou Aksyon gen ladan:

- Ansyen Vis Prezidan Al Gore (ap pran lapawòl nan Stanford)
- Senatè Massachusetts Ed Markey (ap pran lapawòl nan Boston)
- Mayor Rahm Emanuel (ap pran lapawòl nan Chicago)
- Depite Illinois Jan Schakowsky (ap pran lapawòl nan Chicago)
- Robert F. Kennedy Jr. (ap pran lapawòl nan Los Angeles)
- Aktè lan Somerhalder (ap pran lapawòl nan Boston)

Anons sa ap devlope sou Semèn Klima Eta (22-29 Septanm) inisyativ la gen ladan bay \$175 milyon pou senk pwojè enèji pwòp eta a gran echèl pou ogmante jenerasyon elektrisite apati sous renouvlab ak yon pwojè \$35 milyon pou fè bòdmè Roberto Clemente State Park Harlem River vin pi rezistan pou tanpèt.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418